

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan upacara Sidekah Tutulak, bisa dicindekkeun sababaraha hal siga ieu di handap:

- 1) Sidekah Tutulak nya éta upacara tradisional anu dilaksanakeun ku masarakat Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan. Sidekah Tutulak mangrupa salametan anu tujuanana pikeun ngajaga diri katut lemburna tina balai, minangka pameredih ti sakabéh masarakat Désa Karangtawang sangkan bisa hirup waluya tur dijauhkeun tina balai nu matak mawa kasusahan hirup. Dilaksanakeun unggal bulan Sura, ba'da asar, kira-kira jam 16.00 nepi ka jam 17.00, dina poé Kemis malem Jumaah Kaliwon. Di Désa Karangtawang aya 26 tempat anu ngalaksanakeun upacara Sidekah Tutulak nya éta, sapuluh tempat di Dusun Pasawahan, dalapan tempat di Dusun Babakan, jeung dalapan tempat di Dusun Jatinunggal. Salasahiji tempat anu ngalaksanakeun upacara Sidekah Tutulak nya éta lingkungan Syéh Dusun Babakan. Ti beurang mula, ibu-ibu anu aya di lingkungan Syéh sibuk nyieun kaolahan jeung panglengkep upacara (sasajén). Bapa-bapana sibuk ngaberesan jeung nyiapkeun tempat pikeun upacara. Jam satengah lima (16.30) upacara kakara dimimitian, inti tina upacara nya éta ngadu'a babarengan ménta kasalametan ka Alloh SWT, du'ana dipingpin ku sesepuh atawa imam tajug. Du'a anu dibacana nya éta: *solawat, hadoroh, tahlil*, jeung *du'a salamet*. Upacara Sidekah Tutulak ditutup ku ngariung ngadahar sangu tumpeng, sangu bungkus, jeung kaolahan séjénna babarengan.
- 2) Ajén falsafah anu nyangkaruk dina upacara Sidekah Tutulak mangrupa piwuruk ti sepuh baheula ka anak incuna sangkan bisa salamet dunya jeung ahérat. Éta piwuruk nyangkaruk dina simbol-simbol anu aya dina sasajén upacara Sidekah Tutulak. Sangkan bisa salamet dunya jeung ahérat aya

sababaraha hal anu kudu dilaksanakeun atawa dipilampah ku manusa dina hirupna, di antarana: manusa kudu hirup dina jalan kahadéan (tumpeng), manusa kudu wani jeung rajin digawé (tangtang angin), manusa kudu hirup sauyunan (raginang), manusa kudu beresih haté jeung pikiran (cai hérang), manusa kudu siap nyanghareupan hirup nu teu salawasna lungsur langsur (bubur beureum, bubur bodas), manusa kudu ngadu'a jeung usaha dina nyanghareupan kasusah (cara beureum, cara bodas), manusa kudu hadé laku lampahna sangkan dipikaresep ku sasama (rujak cau raja), manusa ulah takabur atawa sompong nalika keur bagja (cai kopi amis), manusa kudu rikrik gemi jeung apik kana rejeki (kupat keupeul), manusa kudu terus sukuran ka Pangéran (endog asin jeung samara dapur), sarta manusa kudu ngajaga sikepna, bisa hirup kalayan hadé (kembang tujuh rupa).

- 3) Upacara Sidekah Tutulak rélevan jeung kahirupan masarakat Karangtawang kiwari. Kalungguhan jeung fungsi upacara Sidekah Tutulak mangrupa média pikeun silaturahmi masarakat Karangtawang dina raraga ngaraketkeun tali mimitran. Upacara Sidekah Tutulak ngawengku kana tilu aspék kahirupan masarakat Karangtawang, nya éta: idéologi, sosial, jeung budaya. Minangka idéologi (ide atawa gagasan), upacara Sidekah Tutulak mapagahan ka masarakat Karangtawang sangkan bisa salamet dunya ahérat aya hal-hal anu kudu dilaksanakeun, di antarana waé: kudu percaya ka Alloh SWT, kudu daék sedekah, kudu hirup dina jalan anu lempeng, kudu beresih haté jeung pikiran, sarta kudu rajin daék usaha. Disawang tina sosialna, upacara Sidekah Tutulak mangrupa media silaturahmi pikeun ngaraketkeun tali mimitran di antara masarakat Karangtawang. Sedengkeun disawang tina budayana, upacara Sidekah Tutulak mangrupa asét budaya anu ngabalukarkeun masarakat Karangtawang unik, béda jeung masarakat séjénna.
- 4) Upacara Sidekah Tutulak di Désa Karangtawang bisa dijadikeun matéri bahan pangajaran maca artikel ngeunaan budaya di SMA kelas XII. Hal ieu ku sabab upacara Sidekah Tutulak mangrupa salahiji wangan kabudayaan Sunda anu kudu dipikawanoh ku siswa, jeung ku masarakat Sunda umumna. Lian ti éta, artikel budaya ngeunaan upacara Sidekah Tutulak luyu jeung SKKD Standar

Kompeténsi Kompeténsi Dasar pangajaran maca di SMA/SMK/MA, nya éta nomber 12.3 *Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan*, poin 12.3.1 *Membaca artikel tentang budaya*.

## 5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan katangén yén upacara Sidekah Tutulak lain ukur ritual biasa anu dilaksanakeun sataun sakali ku masarakat Karangtawang, tapi dina upacara Sidekah Tutulak aya ma'na anu luhung pikeun kahirupan manusa sangkan bisa salamet dunya ahérat. Ieu panalungtikan sacara pribadi nambahana kareueus panalungtik salaku pituin urang Karangtawang.

Dipiharep ku ayana ieu panalungtikan bisa nambahana kareueus masarakat Karangtawang kana budayana nya éta upacara Sidekah Tutulak, sarta bisa ngajaga jeung ngariksa budayana. Sabab ayana upacara Sidekah Tutulak mangrupa hal anu ngabédakeun masarakat Karangtawang jeung masarakat séjenna.

Lian ti éta, dipiharep ogé aya tarékah ti masarakat Karangtawang pikeun ngadokuméntasikeun upacara Sidekah Tutulak, sangkan upacara Sidekah Tutulak bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat umum.

Pikeun dunya atikan, hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel ngeunaan budaya di SMA kelas XII. Ku maca artikel ngeunaan upacara Sidekah Tutulak dipiharep bisa nambahana khasanah kabudayaan Sunda keur siswa, tepi ka siswa bisa wanoh, weruh, jeung daék ngaraksa, ngariksa budayana.